


# *Lèt pou moun Filip yo*



## ***PREMYE KOZE A***

Filip se premye vil nan Lewòp ki te resevwa Levanjil la (Travay 16,6-40). Se te Filip papa Aleksann Legran ki te fonde lavil Filip la.

### ***Kominote Filip la***

Pòl te rive Filip nan mwa mas, oswa avril lane 51, antan li t ap fè dezyèm vwayaj misyonè li a. Premye kominote Legliz la te fòme nan kay Lidi. Lidi te yon machann ki fè komès bèl twal koulè wouj ki koute chè. Pòl te tounen rann yo vizit yon lòt okazyon, antan li te pase Masedwàn.

Kretyen Filip yo te toujou rete fanatik Pòl, epi plizyè fwa yo te ba li konkou nan bezwen li yo (Filip 4,16; 2 Korent 11,9).

### ***Lèt pou Moun Filip yo :***

Anpil moun save kwè Pòl te ekri lèt pou moun Filip yo lè li te nan prizon Efèz apepre vè lane 55-57 yo (Travay 19,1). Nan okazyon sila a Pòl pa konnen kisa ki pral rive 1. Yo kapab touye 1, yo kapab lage 1. Men li gen gwo konfyans y ap ba li libète epi 1 ap vizite bon zanmi moun Filip li yo yon lòt fwa ankò.

Gen plizyè rezon ki fè Pòl ekri lèt sa a :

– Li vle di kominote a mèsi paske yo te voye Epafwodit kote 1 ak lajan pou yo ede 1 nan prizon an.

– Li anonse Timote gen pou al vizite yo epi li vle pou tout moun konnen Epafwodit geri epi l ap tounnen lakay li.

– Li bay kominote a yon avètisman sou divizyon ki kòmanse jèmen nan mitan yo akòz lanvi pouvwa ak egoyis kèk manm genyen.

– Li mande yo pran prekosyon ak kretyen jwif yo, ki vle fè yo tounen nan chenn Lalwa Moyiz la epi ki vle fè sikonsizyon pou yo.

– Li fè yo sonje sèl Levanjil ki bon an, se sa ki sòti nan kwa Jezi Kri a. Gen kèk kretyen jwif ki mande pou yo fè sikonsizyon pou yo ak pou yo obeyi Lalwa Moyiz la. Pòl bò kote pa l di konsa : «Non, sove se yon bagay Bondye ban nou gratis nan Jezi Kri, epi nan Jezi Kri ki te bese tèt li, ki te moun, epi ki te mouri sou lakwa. Se li sèl ki gen pouvwa pou l bay moun yo lavi. Nenpòt ki moun ki preche yon lòt bagay li p ap preche Levanjil Jezi Kri a.»

Lèt pou moun Filip yo ban nou kèk prensip pou nou kapab dekouvri ki moun ki ban nou Bon Nouvèl toutbon an, epi ki moun ki ban nou yon fo levanjil, ki pa menm ak Levanjil Jezi Kri a.

Pòl renmen kominote moun Filip yo anpil epi li ta vle pou li kontinye vanse nan che-men Jezi Kri a, san li pa gade dèyè.

#### *Men chapant lèt pou Moun Filip yo*

- 1,1-11 : Bonjou ak premye koze a
- 1,12-26 : Bon Nouvèl la gaye toupatou
- 1,27-2,18 : Konpòtman kretyen yo dapre egzanp Jezi Kri
- 2,19-30 : Kolaboratè Pòl yo
- 3,1-4,1 : Avètisman pou kominote a
- 4,2-9 : Pòl ankouraje kominote a
- 4,10-20 : Pòl di tout moun mèsi
- 4,21-23 : Orevwa

**Bonjou**

**T Ap**  
9,13;  
16,1;  
16,12

**1** Pòl ak Timote, sèvitè Jezi Kri, pou tout moun ki sen yo nan Jezi Kri, k ap viv nan lavil Filip ak episkòp yo, ak dyak yo. <sup>2</sup>Favè ak kè poze Bondye Papa a ak Granmèt Jezi Kri ak nou.

**Lapriyè Pòl pou moun Filip yo**

<sup>3</sup>Mwen di Bondye mwen an mèsi chak fwa mwen sonje nou. <sup>4</sup>Toutan nan tout demann m ap fè pou nou se ak kè kontan mwen fè l, <sup>5</sup>poutèt konkou nou bay Bon Nouvèl la depi premye jou a jis kounye a. <sup>6</sup>Mwen sèten sa: Sila a ki te kòmanse bél travay sa a nan nou an, va mennen l nan bout li jis jou Jezi Kri a. <sup>7</sup>Li nòmal pou mwen gen santiman sa yo pou nou tout, paske se nan kè m mwen pote nou, nou menm ki jwenn pa nou nan favè yo fè mwen an ni lè mwen nan chenn, ni lè m ap defann Bon Nouvèl la, epi m ap kore l. <sup>8</sup>Bondye sèvi m temwen jan m renmen nou tout nan kè Jezi Kri. <sup>9</sup>Men sa m ap lapriyè mande: se pou renmen nou an grandi chak jou piplis nan konnen ak nan bon jan ladrès, <sup>10</sup>pou nou dekouvri sa ki pi bon an, pou nou kapab kòrèk, epi san repwòch

<sup>1Kor</sup>  
1,8;  
<sup>1Tes</sup>  
5,24

Eb 5,14

**1,1 :** Pòl ak Timote te voye lèt sa a bay komi note a. Nan liv Travay Apot yo, nou te wè kouman apot yo te fonde kominote nan chak vil kote yo te ale preche Bon Nouvèl la. Yo pa te kite kominote sa yo san yo pa monte yon konsèy reskonsab jan yo te konn fè nan kominote jwif yo. Kèk lane apre, yo te vin ap pale de sipèvizi (ki vle di «episkòp» nan lang grèk la: se la mo evèk la sòti). Konsèy sa te gen reskonsablité veye pou kominote mache byen nan tras Jezi Kri. Nou kapab di reskonsab yo rele «episkòp» ak «ansyen» yo se zansèt evèk ak pè nou gen kounye a.

Dyak yo te reskonsab byen materyèl kominote a, epi yo te sèvi kòm asistan episkòp yo. Dyakonès yo te konn rann sèvis nan batèm fi yo ak nan vizite yo lè yo malad.

**1,2-8 :** Jwif yo te konn di «lapè» lè youn ap salye lòt. Grèk yo te konn di «se pou kè w kontan». Pòl t ap pale ak yon kominote ki gen Jwif ak Grèk ladan l, poutèt sa li te envante yon salitasyon tounèf pou de gwoup yo. An nou gade jan Pòl ak Timote montre gwo afeksyon yo santi pou kominote sa a. Reyelman vre, kominote Filip la te kolabore anpil nan simaye Bon Nouvèl

jou Kris la, <sup>11</sup>antan tout moun fin plen nèt ak fwi sa ki kòrèk la, ki sòti nan Jezi Kri, pou glwa ak Iwanj Bondye.

<sup>Eb</sup>  
12,11;  
<sup>JK</sup>  
5,18;  
<sup>Jn</sup> 15,8;

**Kris la se lavi mwen**

<sup>12</sup>Frè yo, mwen vle nou konnen sa ki rive m yo tounen nan avantaj Bon Nouvèl la. <sup>13</sup>Se konsa, nan tout palè gouvènè a ak tout lòt kote, tout moun wè aklè chenn mwen yo se poutèt Kris la. <sup>14</sup>Apre pi fò nan frè yo vin gen plis konfyans nan Granmèt la lè yo wè mwen nan chenn, yo vin pi deside pale Pawòl la, san yo pa pè. <sup>15</sup>Se vre, gen kèk nan yo, se ak lespri lanvi, nan lespri pou youn depase lòt, yo anonse Kris la. Men tou gen lòt ki fè li ak bòn dispozisyon. <sup>16</sup>Sila yo se ak renmen, paske yo konnen se pou defann Bon Nouvèl la yo mete m la. <sup>17</sup>Men lòt yo se ak lanbisyon yo anonse Kris la, yo pa sensè. Yo kwè se plis soufrans y ap mete sou pwa chenn mwen yo.

Ef 3,1

<sup>18</sup>Men sa sa fè? Nenpòt fason, kit se ak fent, kit se toutbon vre yo anonse Kris la, sa fè kè m kontan epi mwen m ap toujou gen kè kontan, <sup>19</sup>paske mwen konnen sa ap sèvi pou mwen sove, grasa lapriyè nou, epi grasa kon-

1,4

la. Epi yo te bay Pòl konkou lajan tou, pou li kapab viv nan prizon, pou li kapab fè travay misyonè tou. Se sèlman nan men kominote sa a Pòl te aksèpte pran lajan.

**1,9-11 :** Apot la te mande yo yon sèl bagay: se pou yo kontinye grandi nan renmen youn pou lòt. Si kreyen yo viv nan renmen an, yo kapab chwazi sa ki pi enpòtan pou yo mennen yon lavi ki kòrèk nèt jouk Jou Kris la pral tounen an.

**1,12-18 :** Jwif ki pa kreyen yo te pèsekite Pòl, epi yo fè mete Pòl nan prizon, men chenn sa yo pote ankourajman pou kominote kreyen an, paske tout moun konnen se akòz Bon Nouvèl la Pòl te nan prizon. Konsa gen anpil kreyen ki te ankouraje pou y al preche Bon Nouvèl la tou.

An menm tan te gen sèten «fo frè» nan Legliz la, ki te kontan poutèt li nan prizon, epi yo te vle pwofite sitiayson sa a pou yo te fè wè yo, pou yo te pran pouvwa nan kominote a. Yo te anonse Kris la nan pwòp enterè pa yo.

**1,19-26 :** Pòl te vle pou pwochè l la sèvi pou pote mesaj Kris la bay otorite yo, lè l t ap gen pou parèt devan yo. Renmen Bondye a ap gran-

<sup>1Kor 6,20</sup> kou Lespri Jezi Kri a ban mwen. <sup>20</sup> Se sa m ap tann toutbon, se tout lespwa mwen. Nanpwen anyen ki pou fè mwen wont. Okontré ak asirans, menm jan mwen toujou fè a, kounye a grandè Kris la pral parèt nan kò mwen, kit mwen vivan kit mwen mouri.

<sup>21</sup> Reyèlman vre, viv pou mwen se Kris la, mouri se yon avantaj. <sup>22</sup> Men, si viv nan kò a vle di pou mwen yon travay ki pote fwi, nan ka sa a mwen pa konnen kisa pou mwen chwazi. <sup>23</sup> Mwen jennen nan mitan de lide: yon bò, m lanvi lage sa pou m ak Kris la, epi se sa ki ta pi bon lontan, <sup>24</sup> yon lòt bò, poutèt nou menm, li pi konsekan toujou pou mwen kontinye viv. <sup>25</sup> Se sa ki fè mwen sèten, mwen konnen m ap rete, m ap kontinye rete nan mitan nou tout, pou nou fè pwogrè, epi pou nou gen kè kontan nan lafwa, <sup>26</sup> pou nou gen yon rezon pou nou vante tèt nou anpil anpil nan Jezi Kri poutèt mwen, lè m a tounen nan mitan nou.

<sup>1Tes 2,19; 2Kor 1,14</sup> <sup>Ef 4,3; Kol 2,5</sup> <sup>2Tes 1,4</sup> <sup>27</sup> Yon sèl bagay, kondi tèt nou byen jan Bon Nouvèl Kris la merite sa. Lè sa a, kit mwen vin wè nou, kit mwen pa la, m a tande nou kenbe fèm nan yon menm lespri, epi n ap batay ansanm, ak yon sèl kè, pou lafwa Bon Nouvèl la, <sup>28</sup> san nou pa kite lènmi nou yo kaponnen nou ditou. Sa se yon siy pou yo k ap peri, epi nou menm n ap sove :

di nan nou antan n ap okipe travay li ban nou fè. Men, lè renmen Bondye a grandi, li mete, nan nou, lanvi tou pou nou ak Kris la nan lavi ki pa janm fini an. Pou sa ki konsène Pòl, li ta renmen mouri pou li jwenn ak Kris la. Men nan menm tan li ta renmen rete nan lavi sa a, pou li kontinye travay pou fè Bon Nouvèl la gaye toupatou. Se sa ki pi enpòtan pou Pòl, travay pou l ede moun Filip yo grandi nan lafwa yo nètale.

**1,27-30** : Lènmi Pòl yo se te kèk kretyen jwif ki t ap preche yon levanjil ki mare ansanm ak Lalwa Moyiz, kote favè Bondye a pa gen plas. Yo gen lespri konkirans, epi yo vle detache kominote sa a ak Pòl. Yo di se moun yo ak pwòp jefò yo ki merite Bondye sove yo. Pòl envite Moun Filip yo pou yo patisipe san rezèv nan konba li a : pandan limenm li nan prizon, yo dwe rete alatèt batay la. Li vle pou kominote a vin yon kominote toutbon, yon kominote ki dyanm nan sa Jezi Kri

epi sa sòti nan Bondye, <sup>29</sup> paske vin patizan Kris la se yon favè yo te fè nou: pa sèlman kwè nan li, men tou soufri pou li. <sup>30</sup> Nou nan menm batay nou te wè m ap mennen an, epi nou tande mwen ladan l kounye a toujou.

### Jezi Kri bese tèt li men Bondye fè I leve li

**2** <sup>1Kor 13,13; 10,1</sup> Konsa si gen kèk ankourajman nan Kris la, si gen kèk konsolasyon nan renmen, si gen fè yon sèl nan Lespri a, si gen kè sansib toutbon vre, <sup>2</sup> fè kè mwen kontan nèt nan gen menm lide, antan nou gen yon menm renmen, nan yon sèl lespri, nan panse yon sèl menm bagay. <sup>3</sup> Pa fè anyen pou lanbisyon pèsonèl oubyen pou w kapab fè wè. Men ak yon kè senp, gade lòt yo kòmsi yo piplis pase w, <sup>4</sup> san chak moun pa chèche pwòp enterè pa l, men enterè lòt yo tou. <sup>5</sup> Se pou nou gen menm kalite lide ak sa Jezi Kri te genyen tou:

<sup>6</sup> Li menm ki menm parèy ak Bondye, <sup>Jn 1,1; Col 1,15; Eb 1,3</sup> li pa t kenbe egal li egal ak Bondye tankou yon bagay li pran pa fòs.

<sup>7</sup> Men li te fè tèt li pa vo anyen <sup>2Kor 8,9; Mt 20,28; Gal 4,4</sup> antan li tounen menm parèy ak yon esklav lè li te fèt tankou yon moun.  
Epi nan fason li parèt yo te wè li tankou moun :

te montre nou, yon kominote ki fèm nan mitan pèsekisyón yo epi ki sèvi Jezi temwen.

**2,1-5** : Anpil fwa, linite kominote a chita sou santiman ki vle montre se nou ki pi bon, se nou ki pi fò, oubyen nou ini paske nou anba menas lòt gwoup. Pòl envite kominote a chèche tèt ansanm nan kòm rezulta anpil senplisite ak bon konprann youn pou lòt. Pa fè anyen pou chèche pwòp enterè pa nou, pou nwi lòt moun oubyen pou chache vante tèt nou. Tout bagay sa yo montre jan moun fèmen tèt li nan egoyis, epi nan chèche sa ki nan avantaj pa l. Chak mam kominote a dwe gade lòt yo kòm pi bon pase li menm epi pou li chèche sa ki nan avantaj tout moun toutan.

**2,6-11**: Sa a se yon ochan pou Jezi Kri premye kominote kretyen yo te konn resite oswa chante lè yo te rasanble pou yo lapriyè. Pòl ba yo eg-

<sup>Wm  
5,19;  
Eb 5,8</sup> <sup>8</sup> li rabese tèt li  
li vin obeyisan jis nan lanmò,  
ata lanmò sou kwa a.  
<sup>Mt23,12;  
Jn10,17;  
Ef1,20;  
T Ap  
5,41;  
Ef4,10</sup> <sup>9</sup> Se poutèt sa Bondye leve l'anlè,  
epi li fè l'kado Non an ki depase tout  
non.  
<sup>Is  
45,23;  
Wm  
10,9;  
T Ap  
2,36</sup> <sup>10</sup> Konsa lè y a tandé non Jezi  
tout jenou va plwaye  
nan syèl la, sou tè a ak kote mò yo  
abite a,  
<sup>11</sup> epi tout lang a deklare  
Jezi Kri se Granmèt la  
pou glwa Bondye Papa a.

### Travay ak kouraj

<sup>2Kor  
7,15</sup> <sup>12</sup> Konsa, moun mwen renmen yo,  
menm jan nou te toujou obeyi, pa an-  
tan m te ak nou sèlman, men kounye a  
piplis toujou antan m pa la, travay di  
pou pwòp delivrans nou ak gwo krentif  
ak respè. <sup>13</sup> Reyèlman vre, se Bondye ki  
travay nan nou pou nou gen bon lide ni  
nan sa nou vle, ni nan sa nou fè. <sup>14</sup> Fè  
tout bagay san nou pa bougonnen, ni  
san nou pa babye, <sup>15</sup> pou nou kapab  
san repwòch, san melanj, pitit Bondye  
san defo nan mitan yon ras ki mache  
kwochi epi ki pa bon menm. Nan  
mitan yo nou dwe klere sou tè a tankou  
zetal, <sup>16</sup> antan n ap bay Pawòl lavi a  
pou l'sèvi rezon pou mwen vante tèt  
mwen Jou Kris la, paske se pa pou  
anyen mwen te kouri, ni se pa pou  
anyen mwen te redi. <sup>17</sup> Menm si san

zanp Kris la, ki te Bondye men li te tounen  
moun, li te rich men li te tounen pòv, li te pre-  
mye men li te vin dènye, li te Bondye men li te  
tounen esklav ak sèvitè. Granmèt Jezi a te vle  
sanble ak moun ki pi piti yo, moun ki t ap soufri  
yo, moun yo te pi meprize yo. Se sa ki fè  
Bondye plezi, epi se poutèt sa Bondye fè l'leve  
byen vivan. Pòl wè se Jezi ki reyalize nan pwòp  
ví li sa Pwfèt Izayi te di lontan anvan sou Sèvitè  
Yave a ki gen pou soufri anpil (Izayi 52,13 ;  
53,12).

**2,6 :** Li pa t kenbe egal li egal ak Bondye kòm  
yon bagay yo volè. Adan ki te premye moun  
nan, li te vle volè pouvwa Bondye a pou li vin  
tounen Bondye (Jenèz 3,5). Jezi ki te Bondye te  
vin tankou moun pou li fè moun tounen pitit  
Bondye.

Li viv nan kondisyon nenpòt ki moun viv, li te

mwen ap koule sou sa yo sakrifye ak  
sou sèvis sakre lafwa nou an, mwen  
kontan, epi mwen gen kè kontan ak  
nou tout. <sup>18</sup> Menm jan an tou, nou menm  
tou se pou nou kontan, epi separe kè  
kontan nou an ak mwen. <sup>19</sup> Mwen espe-  
re, nan Granmèt Jezi, voye Timote ban  
nou byen vit, pou mwen menm tou  
mwen gen kè poze lè m ap gen nouvèl  
nou. <sup>20</sup> Reyèlman vre, mwen pa gen  
pyès moun ki kapab fatige tèt li tout-  
bon menm jan ak li pou afè nou.  
<sup>21</sup> Paske tout ap chèche enterè pa yo,  
men pa enterè Jezi Kri. <sup>22</sup> Kanta li  
menm, nou konnen li fè prèv li. Paske  
tankou yon pitit ak yon papa li sèvi  
Bon Nouvèl la ansanm ak mwen. <sup>23</sup> Se  
li menm mwen gen lespwa voye ban  
nou touswit, lè m a wè klè nan afè  
mwen yo. <sup>24</sup> Mwen gen konfyans nan  
Granmèt la, mwen sèten m ap vini  
mwen menm tou, anvan lontan.

<sup>25</sup> Men tou, mwen wè se nesesè pou  
mwen voye Epafwodit tounen ban nou,  
frè sa a, asosye mwen nan travay  
mwen ak nan batay mwen, mesaje nou  
an, moun Filip yo, li menm nou te voye  
rann mwen sèvis lè mwen te nan nesse-  
site, <sup>26</sup> kòm li lanvi wè nou tout, epi li t  
ap toumante tèt li, paske li konnen nou  
te tande li te malad. <sup>27</sup> Se vre li te ma-  
lad. Li te prèt pou mouri. Men Bondye  
fè l'gras, se pa li menm sèlman, men  
mwen menm tou pou mwen pa pran

<sup>2Tm  
4,6;  
Wm  
12,1;  
15,6</sup>

4,18

aksepte soufrans ak limit nenpòt ki moun  
genyen, apre sa li mouri sou yon kwa. Paske li te  
rabese tèt li konsa, Bondye te fè li Granmèt la.  
«Granmèt» se non Bondye nan Bib la.

**2,9 :** Bondye te fè l'kado Non an ki depase  
tout non. Se Yave, non Bondye te pran lè l te  
desann pou li vin delivre pèp li a ki anba esklavaj  
la (Egzòd 3,14). Non yon moun reprezante  
moun nan, sa li ye, sa l te ye, ak sa l ap devni.  
Konsa tou Non sa a Bondye fè Jezi kado a repre-  
zante valè li ak grandè li pou toutan.

**2,17 :** Menm si san mwen ap koule sou sa yo  
sakrifye: Yo te konn vide likè sou bêt yo te  
sakrifye ofri bay pou Bondye (Resansman 15,10-  
12). Kounye a Pòl di lafwa kretyen yo ki sòti nan  
pèp etranje yo se tankou yon ofrann li mete apa  
pou li ofri bay Bondye, epi li kontan si li ofri san  
li tankou yon likè sou ofrann sa a.

chagren sou chagren. <sup>28</sup> Se sa ki fè mwen voye l tounen ban nou prese prese, konsa, wè nou wè l, n a kontan, epi mwen menm, mwen p ap chagren ankò. <sup>29</sup> Konsa, resevwa l nan Granmèt la ak anpil kè kontan, epi moun tankou l, konsidere yo anpil. <sup>30</sup> Se poutèt travay Kris la li manke mouri. Li riske lavi l pou li ranplase nou nan sèvis, nou menm nou pa t kapab rann mwen.

### Bon chemen delivrans nan Kris la

**3** <sup>1,4;  
2Kor  
13,11</sup> Epitou frè m yo, se pou nou kon tan nan Granmèt la. Sa pa deranje m, men sa ranje nou nou menm pou m toujou ekri nou menm bagay sa yo. <sup>2</sup> Veye kò nou ak chen yo, veye kò nou ak move travayè yo, veye kò nou ak moun k ap tchake kò yo! <sup>3</sup> Moun yo fè sikonsizyon pou yo toutbon yo, se nou menm, nou menm k ap sèvi Bondye dapre Lespri a, nou menm k ap vante tèt nou nan Jezi Kri pase nou mete konfyans nou nan kò a. <sup>4</sup> Mwen menm tou, se vre, mwen ta gen rezon wi, pou mwen ta mete konfyans mwen nan kò a. Si kèk lòt moun ta panse li kapab mete konfyans li nan kò a, mwen gen plis rezon pou sa. <sup>5</sup> Mwen menm yo te fè sikonsizyon pou mwen sou 8 jou, mwen fèt nan ras Izrayèl la, mwen sòti nan fanmi Benjamen. Mwen se Ebre, ptit Ebre. Nan kesyon Lalwa a mwen se Farizyen. <sup>6</sup> Nan kesyon devouman menm, mwen te pèsekité Legliz la. Nan kesyon lavi kòrèk jan Lalwa a mande a, mwen te san repwòch. <sup>7</sup> Sa ki te yon avantaj pou mwen, mwen rive gade yo tankou yon dezavantaj poutèt Kris la.

<sup>8</sup> Wi, mwen rive gade tou sa tankou bagay mwen pèdi poutèt byen sa a ki

depase tout bagay la: konnen Jezi Kri Granmèt mwen an. Poutèt li menm, mwen aksepte pèdi tout bagay. Mwen gade tou sa tankou fatra, pou mwen gen Kris la. <sup>9</sup> Epi pou yo jwenn mwen nan li, pa ak lavi kòrèk pa mwen an ki sòti nan Lalwa, men ak lavi kòrèk ki sòti nan lafwa nan Kris la, ak lavi kòrèk ki sòti nan Bondye, ki chita sou lafwa. <sup>10</sup> Pou mwen konnen l ak pisans leve byen vivan li a, ak jwenn pa mwen nan soufrans li yo, pou mwen kapab vin sanble ak li nan lanmò li a, <sup>11</sup> pou mwen gen mwayen rive leve byen vivan pamì mò yo.

<sup>12</sup> Non, se pa jwenn mwen déjà jwenn, oswa rive mwen ta rive jis nan bout, men m ap kontinye vanse nan lespwa mwen va mete men sou li, paske Jezi Kri te mete men sou mwen.

<sup>13</sup> Non, frè yo, mwen pokò mete men sou li nèt. Men yon sèl bagay: mwen blyie sa ki dèyè mwen e mwen fè jefò pou mwen rive manyen sa ki devan mwen. <sup>14</sup> M ap kouri pou mwen rive jwenn rekompans Bondye rele vin pran anlè a nan Jezi Kri. <sup>15</sup> Nou tout ki rive bout, se pou nou gen lide sa a. Epi menm si nou gen yon lòt lide, Bondye ap fè nou wè lide sa a aklè tou. <sup>16</sup> Antouka, kèleswa kote nou rive, an nou kontinye nan menm direksyon an..

<sup>17</sup> Frè yo, fè menm jan ak mwen, gade sila yo k ap mache dapre egzanz nou te ban nou. <sup>18</sup> Mwen te di nou sa déjà. Men kounye a, se ak dlo nan je m ap di nou li: gen anpil moun k ap mache tankou lènmi kwa Kris la. <sup>19</sup> Finisman yo se peri y ap peri. Bondye yo se vant yo. Sa pou yo ta wont, sa se yon glwa pou yo. Se sou bagay tè a yo mete lide yo. <sup>20</sup> Nou menm, okontré, sosyete pa

<sup>1Kor  
16,16</sup>  
<sup>Wm  
16,17;</sup>  
<sup>Gal  
6,12</sup>

<sup>2Kor  
4,11;</sup>  
<sup>2Tm  
2,11</sup>

<sup>1Jn  
4,10</sup>

<sup>Lk  
9,62;</sup>  
<sup>1Kor  
9,25</sup>

<sup>2Tes  
3,7;</sup>  
<sup>1Kor  
4,16</sup>

<sup>Mt  
6,19;</sup>  
<sup>Kol  
3,2</sup>

<sup>Ef 2,6;</sup>  
<sup>Eb 12,22</sup>

**3,1-12** : Jwif yo te konn rele etranje yo «chen» (Sòm 22,16 ; Ap 22,15). Kounye a Pòl bay Jwif yo pote non sa a yo te rezève pou moun ki pa jwif yo. Pou Jwif yo delivrans Bondye a sòti nan jefo moun fè, nan fè sa Lalwa Moyiz la mande epi nan sikonsizyon an.

Pòl fè nou sonje ki sa sa vle di lafwa. Lafwa

gen rapò ak Jezi ki leve byen vivan an. Lafwa se konnen Jezi, se fè youn ak li nan soufrans li yo, se fè eksperians leve li leve a, se viv yon lòt fwa lavi li ak lanmò li. Se chemen ki mennen nan sa ki kòrèk la ak nan Lavi a. Epi se vire do bay tou sa ki parèt yon avantaj pou moun ki pa konnen Kris la.

nou nan syèl la, kote n ap tann Sovè a sòti, Granmèt Jezi Kri. <sup>21</sup> Se li ki pral chanje kò mizerab nou an, pou li fè l vini tankou kò li nan tout glwa li a, dapre fòs Sila a ki pèmèt li mete tout bagay sou zòd li.

### Konsèy pou divès kreyen nan vil Filip

**4** <sup>1Tes 2,19</sup> Konsa frè mwen renmen epi mwen lanvi wè anpil yo, nou menm ki yon kè kontan pou mwen ak yon kouwòn pou mwen, se konsa pou nou kenbe fèm nan Granmèt la, nou menm mwen renmen yo. <sup>2</sup>Mwen ankouraje Evodya, m ankouraje Sentikè pou yo gen menm lide nan Granmèt la. <sup>3</sup>Epi, ou menm tou, asosye toutbon, mwen mande w, ede medam sa yo. Yo te batay ansanm ak mwen pou Bon Nouvèl la, ansanm ak Kleman ak lòt moun k ap travay ansanm ak mwen yo, ki gen non yo ekri nan liv Lavi a. <sup>4</sup>Se pou kè nou toujou kontan nan Granmèt la. Mwen tounen di nou li ! Se pou kè nou kontan. <sup>5</sup>Se pou tout moun rekonèt jan nou gen bon kè. Granmèt la tou pre! <sup>6</sup>Pa kite anyen fatige tèt nou. Men nan tout priyè ak nan tout demann, fè Bondye konnen bezwen nou yo ak rekonesans. <sup>7</sup>Konsa, kè poze Bondye a ki depase tou sa moun kapab mete nan tèt yo, va plen kè nou ak lide nou yo nan Jezi Kri.

<sup>Wm 12,2</sup> <sup>Ep 6,18; Lk 18,1</sup> <sup>Jn 14,27; Kol 3,15</sup> <sup>Wm 13,11; Ef 6,18; Lk 18,1</sup> <sup>Wm 16,22</sup> Epitou, frè yo, tou sa ki vre, tou sa ki respektab, tou sa ki kòrèk, tou sa ki pwòp, tou sa ki merite renmen, tou sa

**4,1-9 :** La a, yon lòt fwa ankò, tèm nan koupe; sanble moso sa a se te rès vèsè 2,19-3,1.

Nou pa konnen anyen sou lavi moun sa yo Pòl nonmen isit la, sèlman nou konprann se moun k ap travay serye pou fè Bon Nouvèl la gaye toupatou, dapre sa Pòl di sou yo. Pòl pale ak admirasyon sou de medam sa yo ki te travay di pou fè Bon Nouvèl la gaye toupatou. Nan premye kominote kreyen yo te gen anpil fi ki travay konsa, nan pote Bon Nouvèl bay lòt yo (Women 16,1-15).

**4,3 :** Liv lavi a : Se kote delivrans lan ye toutbon vre. Moun ki gen non enskri ladan, se sila yo ki pral sove yo (Ap 20,12).

ki bon pou moun pale, si gen kichòy yo rele bél kalite, si genyen ki merite lwanj, se bagay sa yo pou nou kalkile. <sup>9</sup>Sa nou te aprann, sa nou te resevwa, sa nou te tande ak sa nou te wè nan mwen, se sa pou nou fè. Konsa, Bondye kè poze a va ak nou. <sup>10</sup>Mwen te santi yon gwo kè kontan nan Granmèt la poutèt nou rekòmanse pran ka mwen atò. Bon dispozisyon sa a nou te genyen l, men okazyon an pa t prezante. <sup>11</sup>Se pa paske mwen nan bezwen ki fè m di sa. Reyèlman vre, mwen te aprann gen kont poutèt mwen nan tout sitiyasyon kote m te ye. <sup>12</sup>Mwen konn viv nan lamizè, mwen konn gen twòp tou. Mwen pare kò mwen pou tout bagay ak pou tout sikontans : kit pou vant plen, kit pou grangou, kit pou gen twòp, kit pou manke sa ki nesesè. <sup>13</sup>Mwen kapab fè tout bagay poutèt Sila ki ban mwen fòs la. <sup>14</sup>Poutan nou te byen fè pran moso pa nou nan tray mwen yo.

<sup>15</sup>Nou konnen nou menm, moun Filip yo, lè Bon Nouvèl la te kòmanse gaye, lè m te sòti Masedwàn nan, okenn Legliz pa t ede m nan afè depans ak resèt, sòf nou menm sèl.

<sup>16</sup>Deja antan mwen te Tesalonik, se pa yon sèl fwa nou voye kichòy pou mwen nan nesesite mwen. <sup>17</sup>Se pa kado m ap chèche. Men m ap chèche fè piplis benefis mete sou sa nou genyen deja.

<sup>18</sup>Mwen te resevwa tout bagay, epi mwen gen twòp. Mwen chaje nèt depi

**4,4 :** Lespwa nan Jezi k ap tounen, se sous kè kontan pou kreyen.

**4,8 :** Pòl nonmem plzyè bél kalite ki fè valè tout moun kòm moun. Li vle pou kreyen yo yo genyen yo tou.

**4,10 :** Pòl remèseye Legliz Filip la poutèt li te ede l. Li gen anpil kè kontan pou èd yo te ba li a, men sitou pou renmen yo, ak fason yo grandi nan lafwa, nan solidarite, ak nan renmen bay. Kominate Filip la montre li vanse nan chemen Jezi a, lè li te voye Epafwodit bay Pòl, pou li pote l sekou. Pòl menm ki te tèlman jalou pou endepandans li, epi ki te pè bay enpresyon li pwofite misyon an pou l fè abi sou lòt yo, te aksepte kado yo paske se bon zanmi l ki te ba li yo.

<sup>15Kor 13,5</sup>

<sup>2Kor 12,9; Kol 1,29</sup>

<sup>T Ap 17,1</sup>

<sup>1Kor 9,11; Flp 2,17; Gen 8,21; Eb 13,16</sup>

mwen resevwa komisyon nou an nan men Epafwodit. Se kòm yon bêt yo touye nan sèvis epi Bondye aksepte, ki bay bon odè epi ki fè l plezi.<sup>19</sup> Bondye mwen an va chaje nou ak tou sa nou bezwen dapre richès li ak glwa li nan Jezi Kri.<sup>20</sup> Glwa pou Bondye Papa nou

an pou toutan san rete. Amèn.<sup>21</sup> Di tout moun ki sen nan Jezi Kri yo, bonjou. Frè ki ak mwen yo di nou bonjou.<sup>22</sup> Tout moun ki sen yo di nou bonjou, sitou sa yo ki kay Seza a.<sup>23</sup> Se pou favè Granmèt nou Jezi Kri ak lespri nou, Amen.

1,13

---

**4,21** : «*Sitou sa yo ki kay Seza.*» Se moun ki t ap travay pou lanprè women an epi ki te gaye toupatou nan tout vil, kit yo te sòlda, kit yo te

anplwaye Leta. Sa montre kijan lè sa a te kòmanse gen moun konsa ki te tounen patizan Kris la, epi ki te fè pati kominote Legliz la.